



**KHUTBAH JUMAT BAHASA JAWA**

# **BALESAN KANGGO TIANG ZALIM**

**Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I**

*Dilengkapi dengan pembukaan khutbah dan doa penutup khutbah*

**[GRATIS] LANGGANAN MATERI KHUTBAH FORMAT PDF**

*Segera hubungi WA admin dakwah.id*

**0895-8060-18090**

**www.dakwah.id**

 @dakwahid

 @igdkwh

Yuk,  
dukung  
dakwah.id  
dengan  
berbelanja buku  
di sini

[www.bukubagus.id](http://www.bukubagus.id)

Ingin berlangganan materi khutbah Jumat  
yang akan langsung dikirim  
ke nomer WhatsApp?

Caranya mudah.

Sentuh nomor whatsapp berikut ini:

**0895-8060-18090**

*Atau, bisa juga langsung chat WA ke nomor di atas.*

# BALESAN KANGGO TIYANG ZALIM

Pemateri: Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا مَنْ  
يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ  
أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ  
إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ. أَمَّا بَعْدُ

عِبَادَ اللَّهِ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ  
الرَّجِيمِ:

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا  
كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا  
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ  
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِيعِ  
اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا

فَإِنَّ أَصْدَقَ الْحَدِيثِ كِتَابُ اللَّهِ، وَخَيْرَ الْهَدْيِ هَدْيُ مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، وَشَرُّ الْأُمُورِ  
مُحَدَّثَاتُهَا، وَكُلُّ مُحَدَّثَةٍ بَدْعَةٌ وَكُلُّ بَدْعَةٍ ضَلَالَةٌ، وَكُلُّ ضَلَالَةٍ فِي النَّارِ. أَمَّا بَعْدُ

Puji lan syukur ingkang kathah kaaturaken dhumateng ngarsanipun Allah *subhanahu wata'ala* kang Maha Welas lan Asih, kanthi maringi tumrap hambanipun pinten-pinten kenikmatan, saha nikmat batos punapa badan. Sahingga kanthi nikmat kalawau kulo panjenengan sami saget tansah ibadah wonten panggesangan sak meniko.

Shalawat lan salam katunjuk katur dumateng junjungan kita Rasulullah Muhammad *shallallahu 'alaihi wasallam*, sumrambah dhateng kaluwarganipun para sahabat, ugi para penderekipun dumugi dinten kiamat. Amin

Mboten kesupen pinangka Khatib, kulo tansah ngemutaken jama'ah sedayanipun mangga kita sesarengan tansah ningkataken iman lan takwa dhumateng Allah Ta'ala, awit takwa mujudaken sangu ingkang paling sae rikalanipun ngadhep dhumateng Allah.

Allah Ta'ala paring pangandikan,

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنتُمْ مُسْلِمُونَ

“He para wong Mukmin kabeh, sira padha wedia ing Allah kalawan sajatining wedi, lan sira aja padha mati, kajaba mati Islam.” ([QS. Ali Imran: 102](#))

### ***Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah***

Miturut maknanipun saking tembung bahasa bilih *zalim* utawa *az-Zulmu* wonten kamus *Lisanul Arab* artosipun “Nyukakaken punapa-punapa perkawis wonten ing sanes pangginanipun”.

Lan wonten ing maknanipun miturut istilah, Imam Al-Ashfahani wonten kitabipun *Mufradat alfadzil Quran* njelasaken, zalim inggih punika nyukakaken punapa-punapa perkawis sanes ing posisinipun ingkang leres, nggih amargi kirang utawi amargi wontenipun tambahan, nggih amargi mboten cocok saking segi wekdalipun utawi saking segi panggenanipun.

Syaikh Muhammad bin Shalih Al-Utsaimin wonten kitabipun *Syarh Riyadhus Shalihin* ngiati maknanipun sahingga saget saya gamblang, bilih

zalim menika porose ing kalih perkawis, setunggal rupinipun nilaraken kewajiban angka kalih nindakaken ingkang haram.

Saking makna-makna kasebat bakenipun zalim niku diawisi wonten ing agama Islam, lan pelakunipun kenging dosa kang gedhe wonten ngarsanipun Allah *subhanahu wata'ala* menawa mboten taubat kanthi saestu.

### ***Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah***

Dosa zalim dipun wulangaken wonten ing agama Islam kanthi tiga wernanipun, inggih punika:

### **Setunggal: Zalim antawis salah setunggaling tiyang kaliyan Allah**

Menikalah ingkang dipun maksudaken firmanipun Allah *subhanahu wata'ala*:

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا أُولَٰئِكَ يُعْرَضُونَ عَلَىٰ رَبِّهِمْ وَيَقُولُ الْأَشْمَادُ هَٰؤُلَاءِ الَّذِينَ كَذَبُوا  
عَلَىٰ رَبِّهِمْ أَلَا لَعْنَةُ اللَّهِ عَلَى الظَّالِمِينَ ۝

“*Lan sapa ta wong kang luwih zhalim ngungkuli wong kang gawe gegorohan diawadake saka ngarsaning Allah. Dheweke bakal padha disowanake menyang ngarsane Pangerane, lan saksi-saksine bakal matur: Punika sedaya tetiyang ingkang maiben dhateng Pangeranipun. Elingna! laknating Allah tetep marang wong-wong kang padha nganiaya.*” ([QS. Hūd: 18](#))

### **Kalih: Zalim antawis sesami menungsa**

Babagan perkawis menika, wonten firmanipun Allah:

وَجَزَاءُ سَيِّئَةٍ سَيِّئَةٌ مِّثْلُهَا فَمَنْ عَفَا وَأَصْلَحَ فَأَجْرُهُ عَلَى اللَّهِ إِنَّهُ لَا يُحِبُّ الظَّالِمِينَ. وَلَمَنِ انْتَصَرَ بَعْدَ ظُلْمِهِ فَأُولَٰئِكَ مَا عَلَيْهِمْ مِّنْ سَبِيلٍ. إِنَّمَا السَّبِيلُ عَلَى الَّذِينَ يَظْلِمُونَ النَّاسَ وَيَبْغُونَ فِي الْأَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ أُولَٰئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ

“Ana dene piwalese panggawe ala iku kudu satimbang trep karo pialane. Ewa samono sing sapa gelem awew pangapura lan males kabecikan, ganjarane wong iku wus ana kasaguhane Allah piyambak. Sanyata PanjenengaNe iku ora Rene marang wong kang padha nganiaya! Sayekti wong kang sawuse dikaniaya males (ambalekake satrep), wong iku ora bakal kapatrapan apa-apa. Sanyata kang oleh patrapan iku wong kang padha nganiaya ing liyan sarta padha ambalela parintahe Allah ana ing Bumi kene ora kalawan bener. Wong kang mangkono iku tetep.” ([QS. Asy-Syūrā: 40-42](#))

### **Tiga: Zalim antawis salah setunggaling tiyang kaliyan pribadinipun piyambak**

Menika ingkang dimaksud firmani-pun Allah *subhanahu wata'ala*,

ثُمَّ أَوْرَثْنَا الْكِتَابَ الَّذِينَ اصْطَفَيْنَا مِنْ عِبَادِنَا فَمِنْهُمْ ظَالِمٌ لِّنَفْسِهِ وَمِنْهُمْ مُقْتَصِدٌ وَمِنْهُمْ سَابِقٌ بِالْخَيْرَاتِ  
بِإِذْنِ اللَّهِ ذَلِكَ هُوَ الْفَضْلُ الْكَبِيرُ

“Sabanjure Kitab al-Quran iku Ingsun paringake waris marang para kawulaningsun kang wus Ingsun pilih. Ing kono ana saweneh kang nganiaya awake dhewe, ana kang samadya (tengah-tengah), la nana maneh kang bebalapan marang kabecikan kalawan idzining Allah, kang mangkono iku kanugrahan kang gedhe.” ([QS. Fathir: 32](#))

Ing dhasaripun, nalika salah setunggaling tiyang berencana kangge nglampahi kezaliman, saestunipun tiyang niku sampun zalim tumrap piyambakipun.

### **Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah**

Tiyang muslim diperintah supados nebihi dosa zalim sae dhateng piyambak punapa sanes jalaran Allah *subhanahu wata'ala* nyebataken badhe nimpakaken adzab marang sinten kang nabrak awisanipun. Kados ingkang Allah terangaken:

وَمَنْ يَظْلِمِ مِّنْكُمْ نُدِقْهُ عَذَابًا كَبِيرًا

“Lan sapa bae saka sira kabeh kang atindak aniaya, temen Ingsun icipake tumrap dheweke siksa kang gedhe.” ([QS. Al-Furqān: 19](#))

### Balesan Tiyang Zalim

Salajeng inggih punika bentuk-bentuk sanksi ingkang ajeng dipun raosaken dening tiyang-tiyang ingkang nglampahaken tumindak zalim:

### Balesan Ingkang Sepindah: Tiyang Zalim Mboten Angsal Pitulungan Wonten Akhirat

Tiyang zalim punika mboten bakal angsal pitulungan wonten akhirat saking sinten mawon, ugi saking tiyang-tiyang ingkang rikala wonten donya ketingal dados kanca ingkang setya.

Allah *subhanahu wata'ala* paring firman:

مَا لِلظَّالِمِينَ مِنْ حَمِيمٍ وَلَا شَفِيعٍ يُطَاعُ

“Wong kang nganiaya iku ora bakal nemu sanak utawa juru syafa'at kang kena dianut!” ([QS. Al-Mu'min: 18](#))

Allah *subhanahu wata'ala* paring firman malih:

وَمَا لِلظَّالِمِينَ مِنْ نَّصِيرٍ

“Lan tumrap wong-wong kang nganiaya iku ora ana kang tetulung.” ([QS. Al-Hajj: 71](#))

### Balesan Kaping kalih: Tindak zalim ndamel petengan wonten dinten akhirat.

Wonten wekdal umat manungsa mbetahaken naungan saking terik panasipun srengenge ingkang jarakipun caket sanget, pelaku kezaliman dipun pesthekaken mboten ajeng angsal fasilitas naungan babar pisan.



Rasulullah shallallahu 'alaihi wasallam paring sabda:

اتَّقُوا الظُّلْمَ فَإِنَّ الظُّلْمَ ظُلُمَاتٌ يَوْمَ الْقِيَامَةِ

“Wedia sira kabeh saking lampahan zalim, amargi zalim puniku ajeng dados petengan ing dinten kiamat.” (HR. Muslim)

Piyambakipun sedaya badhe nglakoni lampah rikala gesang wonten dinten akherat samangke kawontenanipun payah lan lelah amargi piyambakipun sedaya nglewati margi kang peteng ndhedhet, dados tanda kesengsaraan ingkang nyiksa.

### **Balesan Kaping tiga: Tiyang Zalim Gesangipun Tebih Saking Keberkahan**

Tiyang zalim punika gesangipun tebih saking keberkahan lan sawangsulipun celak kaliyan kesengsaraan saha kebinasaan.

Sumangga kita merenung sekedhap, punapa saged kita madosi berkah saking rezeki ingkang Allah paringaken kamangka tindak-tanduk kita kebak kaliyan kezaliman?

Allah *subhanahu wata'ala* paring firman:

يَوْمَ لَا يَنْفَعُ الظَّالِمِينَ مَعَذِرَتُهُمْ وَلَهُمُ اللَّعْنَةُ وَلَهُمْ سُوءُ الدَّارِ

“Yaiku ing dinane wong kang padha nganiaya awake dhewe ora bisa ngalap manfaat persaben sing diaturake, malah padha kapatrapan laknate Allah, sarta padha andhuweni panggonan kanga la dhewe ana ing Akherat.” ([QS. Al-Mu'min: 52](#))

### **Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah**

Mekaten materi khutbah Jumat ingkang saget kawula aturanken, mugi saget dados pitutur kang manfaat lan nasehat kang minulya kagem khatib pribadi lan jamaah samudayanipun.

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ  
الرَّحِيمُ.

## KHUTBAH KEDUA

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَكَفَى، وَأُصَلِّي وَأُسَلِّمُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ الْمُصْطَفَى، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَهْلِ الْوَفَا.  
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ  
اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ  
أَيُّهَا النَّاسُ، اتَّقُوا اللَّهَ، وَافْعَلُوا الْخَيْرَاتِ، وَاجْتَنِبُوا السَّيِّئَاتِ. إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ  
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا  
اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ وَارْضَ  
عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ  
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ قَرِيبٌ  
مَجِيبُ الدَّعَوَاتِ.  
رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذْنَا إِنْ نَسِينَا أَوْ أَخْطَأْنَا رَبَّنَا وَلَا تَحْمِلْ عَلَيْنَا إِصْرًا كَمَا حَمَلْتَهُ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِنَا  
رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلْنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِ وَاعْفُ عَنَّا وَارْحَمْنَا أَنْتَ مَوْلَانَا فَانصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ  
الْكَافِرِينَ -  
رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَلِإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلًّا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ  
رَءُوفٌ رَحِيمٌ.  
سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ. عِبَادَ اللَّهِ!

www.dakwah.id

إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَيَنْهَىٰ عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوا لَهُ عَلَىٰ نِعْمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ أَقِيمُوا الصَّلَاةَ.